**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится, что свадебные песни в древнем и современном процессе каракалпаков исполняются с импровизационной программой. Разновидность программных песен в каракалпакском фольклоре, представляет собой образец этнофольклорного устного творчества, унаследованного от наших предков.

**SUMMARY**. The article says that wedding songs in the ancient and modern process of the Karakalpaks are performed with an improvisational program. A type of program songs in Karakalpak folklore, the program is an example of ethno-folklore oral creativity inherited from our ancestors.

# ҚАҲАРМАНЛЫҚ ДӘСТАНЛАРДАҒЫ ХОШЛАСЫЎ ҚОСЫҚЛАРЫ

**Куламбетова Жаңыл -** *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** адабиёт, фольклор, санъат, импровизация, импровизатор, жиров, шоир, халқ қўшиғи.
**Ключевые слова:** литература, фольклор, импровизация, импровизатор, жырау, поэт.
**Key words:** literature, folklore, art, improvisation, improviser, zhyrau, poet.

Эпослық дөретпелер тек оның идеялық мазмуны менен ғана емес, ал көркемлик формасы менен де баҳаланады. Қарақалпақ халық аўызеки дөретпелериндеги хошласыў қосықлары дәстанның идеялық мазмунында, соның менен бирге оның көркемлик формасында да айрықша орын тутады. Бул ҳаққында көрнекли алым Қ.Айымбетов былай деп көрсеткен еди: «Муң-шер жырларының бири хошласыў болып аталады. Муң-шер жырларының хошласыў түри өткендеги халық өмиринде аўызеки әдебиятында орын алған. Батырлар жаўға атланғанда жери менен, ата-аналары менен, ата-аналар балалары менен хошласыўлар халық дәстанларында көплеп ушырасып отырады». [1] Халық дәстанларының композициясы бир дәўирлердеги көркем дөретпелердиң дөрелиў нызамлылықлары тийкарында пайда болып, сол дәўирдеги жәмийеттиң тарийхый ҳәм де сиясий жағдайларына тығыз байланыслы болып келеди. Халық дөретпелериндеги сыртқы жаўларға қарсы гүреслери, батырлар образының берилиўи арқалы көрсетилиў менен дәстанның тийкарын қурап, ҳақыйқат халықлық белгилерин дәлиллейди. Узақ дәўирлер даўамында пайда болған қаҳарманлық дәстанларда туўған жерди сырт ел басып алыўшыларынан қорғаған, ҳәр тәреплеме жетилискен қаҳарманлардың образлары сөз етиледи. Қаҳарманлық образлар ҳәр қыйлылығы жағынан таңландыратуғын аўызеки халық творчествосының бай әдебий усыллары арқалы дөретилген. Қаҳарманлық эпосларда, улыўма қарақалпақ аўызеки халық дөретпелеринде қаҳарманлық образларының дөретилиўи тосаттан пайда болған емес. Халықтың әдилликке умтылыў идеясы сол халықтың барлық руўхый әрманларын өз бойына сиңдирген. Бундай алдыңғы қатардағы идея халық тәрепинен дөретилген батырлардың ең жақсы образлары менен иске асырылған. Қарақалпақ халқының арасында кеңнен таралған белгили дәстанлардың бири «Алпамыс». Дәстанның тийкарғы идеясының ашылыўы, Алпамыстың Баршынды алыўы, оның батырлық, ер-жүреклик қәсийетлери, Қаражан менен досласыўы, Тайшыханға қарсы гүрес алып барыўы, ишки ҳәм сыртқы душпанлардың қыйратылыўы избе-излик пенен дәлилленип отырады. Алпамыстың Тайшыханға қарсы гүреси, оның бул гүресте жеңиске ерисиўи бир жағынан зулым патшаларға қарсы халықтың гүресиўин ҳәм жеңиўин аңлатса, екиншиден, Алпамыстың Әшим менен досласып, оның әпиўайы шопанды хан көтериўи дәстанның халықлық идея менен суўғарылғанлығын көрсетеди. Дәстандағы кеўил аўдарарлық нәрсе Қаражан менен Алпамыстың дослығы. Бул дәстанның идеялық бағытының ең жақсы көрсеткишлеринен есапланады. Олардың дослығы тек еки батырдың дослығы болып қоймастан, әдиллик тәрепдары еки халықтың бир-бирине ең жақын ҳәм дослық тилегин билдиреди. Дәстанда өткен дәўирдеги қарақалпақ халқының күн көриси, үрп-әдети, дәстүрлери, ойын-заўықлары кең сүўретленеди. Булардың ҳәммеси дәстанның идеялық бағыты, қаҳарман образлары, дәстанның көркемлик өзгешеликлери менен байланыста берилген. Бунда қаҳарманлардың ишки ой-сезимлери, қуўанышы-күйиниши, басқа да тилек-әрманлары салт-дәстүр жырлары арқалы жүдә жан-

ландырылып сүўретленгенин көриўге болады. Усындай сүўретлеўлерде хошласыў, жоқлаўлар жыраў тәрепинен орынлы пайдаланылып, батырдың елден шығып баратырып, туўылып өскен жериниң, ата-анасының, туўысқанларының ҳәм яр-досларының қәдир-қымбатына жетип жүриў ҳәм де олардың ҳәр бири жүрегинде екенлигин хошласыў қосықлары арқалы дәстанда шеберлик пенен бериледи. Бундай хошласыўлар әсиресе, батырдыңалыс сапарларға атланар пайытларында айтылады. Бул ҳаққында белгили илимпаз Н.Дәўқараев былай деп көрсеткен еди: «Хошласыў ушын айтылатуғын қосықлардың түри көп. Булардың гейпаралары түрли сиясий-тарийхый жағдайлардың себебинен ерксиз басқа жақларға кетип баратырғанында туўған жери, ата-мәканы менен хошласыў ушын айтылады». [2]

Муң-шер жырларының бири болған хошласыў дәстанның ўақыялар қурылысы ҳәм де көркемлик дәрежесиниң берилиўинде үлкен әҳмийетке ийе. Себеби, қайсы бир қаҳарманлық дәстанда болмасын батырдың сапарға атланыўы ямаса елди қорғаў ушын жаўларға қарсы атланысларға барыўы, ямаса сүйген қызы яки түсинде көрген арыўларын дәў, перилердиң торынан босатып алыў ушын жолларға рәўана болыўы ҳәм т.б. себеплер менен туўған елден шығып кетиў пайытлары гезлеседи. Сол ўақытта ата-ана баласының сапарын сораўы, я сүйикли қарындаслары ағасына өз аҳыў-зарларын хошласыў қосықлары арқалы билдириўлери жийи ушырасады. Бундай қосықлар сол қаҳарманның ишки кеширмелерин ҳәм де оның минезқулқындағы айырым бизге белгисиз болып келген сырларын көрсетип бере алады. Халық дөретпелери болған дәстанлардың ўақыяның қурылысы, көркемлик кестеси жүдә қурамалы болып келеди. Себеби, халық неше әсирлер даўамында өзиниң басынан өткерип келген тарийхый турмысын, халық әрман етип келген абадан турмысқа ерисиў әрманларын усындай үлкен эпикалық дөретпелер арқалы бизге мийрас етип жеткере алған.

Алпамыс дәстаны халқымыздың сүйип тыңлайтуғын ҳәм оқыйтуғын шығармасы. Бул ҳаққында белгили илимпаз И.Сағыйтов былай көрсеткен еди: «Дәстанның халық арасына кеңтаралыўының себеби, дөретпениң идеялық ҳәм көркемлик сапасының жоқары дәрежеде болыўынан, дәстанның терең халықлық сыпатларға ийе болыўынан деп билиў керек». [3]

Ҳақыйқатында да дәстанның халықлық идеяларды бериўде түрли турмыс көринислери шебер сүўретленген. Дәстанда тийкарынан халықтың ел қорғаўдағы батырлық, мәртлик, қаҳарманлық қәсийетлери көркем бағдарда жырланады. Усындай қаҳарманлық идеяларды бериўде халықтың жүрегине жыллы тийетуғын сезимлер каҳарманлардың қайғы-ҳәсирети, туўысқанлығы, опадарлығы, туўылған жерге муҳаббаты үлкен шеберликте сүўретленеди. Дәстанда халық турмысының барлық тәрепи, үрп-әдети, салт-дәстүрлери, ойын-заўықлары кең түрде көрсетилген. Буннан биз халық турмысының барлық сыпатларын көремиз. Жыраўлар Ўатанға садықлық, ел қорғаў идеяларын сүўретлеўде халқымыздың салт-дәстүр жырларын жемисли пайдаланған. Дәстан композициясында ел қорғаў, руў-қәўим бирлигин, халықлар дослығын сақлаў идеяларын ҳәм батырлық образды жаратыўға баслы қаҳарманлар ис-ҳәрекетлерин сүўретлеўден басқа, оған қосымша түрли турмыслық көринислер бериледи.

Дәстанда Байбөри менен Байсарының аразласыўы, Байсарының өкпелеп қалмақ журтына көшип кетиў эпизодлары мазмунлы орынлардың бири. Байсарының қалмақ журтына көшип баратырғанда Гүлпаршын ҳәм оның анасы Алтыншаш Байсын жеринен қурбы-қурдасынан айра түсиўине қайғыланып туўған жерине, заманласына хошласыў айтады. Олар түйе үстинде кетип баратырып екеўи келгенде қалған теңқурбыларына хош аллаяр айтып, жылап хошласады.

Бир-биреўди көрмек бар ма аллаяр,
Мен жылайман Патма пирге зар-зар,
Бул дүньяда елди көрмек болмады.
Хош болыңыз ойнап өскен қурдаслар,

Айтсам, атам-ене тилин алмады,
Аллам басқа қанша қайғы салмады,
Хош болыңыз ойнап өскен қурдаслар,
Бул дүньяда енди көрмек болмады. [4]

Гүлпаршын усы сөзлерди айтыў арқалы ели-халқы менен хошласып, анасы Алтыншаш пенен зар-зар жылап, ойнап өскен елин, қурдасларын көзи қыймай қатты қыйналып, олар менен хошласып түйе үстине минип кете береди. Бул хошласыў қосығы арқалы қаҳарманның ишки сезимлери, елге болған сүйиспеншилиги, досларына болған садықлығы, меҳир-муҳаббаты улыўма алғанда, оның өзине тән болған жеке өзгешеликлери образлы түрде ашылған. Қосықты таллап қарасаң ананың өз заманласларынан, Бар-шынның өз қурбы-қурдасларынан туўған ата мәканынан

айрылыўы себепли үлкен тәш-үйишке, қайғыға түскенлиги көринип тур. Бул жағдайларға қаҳарманлар қаншелли дәрежеде ашынады. Олардың туўылған жерге, Ўатанға сүйис-пеншилиги, оған деген садықлығы усын-дай хошласыў арқалы да берилген.

**Әдебиятлар**


1. Сағитов И. Әдебият тарийхын қайсы дәўирден баслаў керек? «Әмиўдәрья» № 11. 1968
2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.
3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1996, 4-бет.
4. Бердиев Р. Жыршылық дәстүр. -А.: 1980, 42-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқларнинг қадимий қўшиқларининг ижро этилганлиги сўз этилади. Қорақалпоқ фольклорида халқ қўшиқларининг аждодларимиздан меърос бўлиб келаётган этнофольклорлик оғзаки ижод намунаси.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится, что свадебные песни в древнем и современном процессе каракалпаков исполняются с импровизационной программой. Разновидность программных песен в каракалпакском фольклоре, представляет собой образец этнофольклорного устного творчества, унаследованного от наших предков.

**SUMMARY**. The article says that wedding songs in the ancient and modern process of the Karakalpaks are performed with an improvisational program. A type of program songs in Karakalpak folklore, the program is an example of ethno-folklore oral creativity inherited from our ancestors.


## Ә.ТӘЖИМУРАТОВТЫҢ «АЙДЫНЛАР», «ГӨЗЗАЛ» ҚОСЫҚЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА


**Г.Мунтеева –** *профессор*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты*
*Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** қўшиқчилик санъати тарихи, бастакорлар, музыка, оратория.
**Ключевые слова:** история песенного творчество, композитор, музыка, оратория.
**Key words:** history sing songs, compouser, music, orotory.


Ә.Тәжимуратов поэзиясы идеялық-тематикалық жақтан жүдә кең, туўылған жер, ана Ўатан, халық, тәбият, тынышлық, дослық, муҳаббат, дидактикалық, философиялық ҳәм т.б. темадағы қосықлар шайыр дөретиў-шилигиниң тийкарын қурайды. Лекин шайыр қайсы теманы жырламасын «шайыр болыў шәрт емес, азамат болыў ўазыйпаң» деген идеяға садық болып қалады, бул идея шайырдың «Өтиниш» қосығында айқын сәўлелениўин табады.

Шайыр шайыр болып, шайырман десин,
Тыңлаўшысы тыңлап, қайылман десин,
Гәпти аўыр алмай, есиңде сақла,
Сөзиңди өлшеп айт, өзиңди бақла,
Қәне, ислериңе қайыл қалайық,
Алды менен азамат бол, ылайық!

Шайыр Ә.Тәжимуратовтың поэзиясында ана Ўатан темасын жырлаўға айрықша итибар қаратылады, әсиресе, шайырдың «киши ўатанына», яғный Арал теңизи жағалаўлары менен Мойнаққа болған иззет-ҳүрмети өз алдына десек қәтелеспеймиз. Усы тема шайырдың «Ассалам», «Ақ қуў», «Шағала», «Мулайым Арал», «Асаў Арал», «Сен болмасаң Аралым», «Аралдың толқынлары» қосықларында сәўлеленеди. Бул тема раўажлана келе «Айдынлар», «Гөззал» қосықларында муҳаббат темасы менен де ушласып кетеди.

«Айдынлар» балық аўлаўға кеткен ярын сағынған қыздың қосығы ғана болып қалмастан, туўған елге болған сағынышты да жеткерип бере алады, сол ушын болса керек туўған елинен алысларда жүрген жерлеслеримиздиң өз ўатанына болған сағынышын сәўлелендириўши қосық сыпатында «Айдынлар» қосығы халық арасында жүдә кең тарқалып, ҳәттеки жаслардың гимни дәрежесине де көтерилген. «Айдынлар» қосығының лирикалық қаҳарманы, яғный ярын күткен қыздың образы бәршемизге жүдә жақсы таныс, оны көз алдымызға елеслете аламыз, шайыр усы қыздың сүйген ярының образына да дыққат